



Pou Piblikasyon Imedya: 26/08/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE CHWA SENATÈ BRIAN BENJAMIN KÒM GOUVÈNÈ ADJWEN

Senatè Benjamin ak Gouvènè Hochul pataje yon istwa kolaborasyon sou pwoblèm fondamantal, sa gen ladan mete fen nan epidemi opyoyid, sipòte MWBE ak refòm sou vòt

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a chwa Brian Benjamin kòm Gouvènè Adjwen Senatè Benjamin ak Gouvènè Hochul te travay ansanm sou plizyè pwoblèm fondamantal, sa gen ladan batay kont epidemi opyoyid ak ranfòsman pwogram sou rekiperasyon toksimani yo, sipòte pwopriyete biznis MWBE (Biznis Minorite ak Fanm Posede) yo ak rann li pi fasil pou Nouyòkè yo vote.

Senatè Benjamin te sèvi anvan sa kòm Senatè Eta New York pou Distri 30 - ki gen ladan Harlem, East Harlem ak Upper West Side - Prezidan Komite Sena sou Revni ak Bidjè ak Lidè Adjwen Prensipal Majorite, kote li te distinge li kòm yon lidè nan refòm jistis kriminel la ak lojman abòdab. Senatè Benjamin rete enplike anpil nan kominote li nan Harlem.

"Mwen kwè ke gouvènè gen pou wè ak travay ansanm. Travay an ekip se nannan lidèchip efikas epi li pi enpòtan ke jamè pandan n ap konfwonte pwoblèm ijan eta a ap fè fas", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an pral atire pi bon ak pi entèlijan an -- moun ki pataje valè mwen sou travay di pou pèp la nan eta sa a epi ki pral fè travay la - epi sa gen ladan pi nouvo manm lan, Senatè Brian Benjamin, ki te dakò pou sèvi kòm Gouvènè Adjwen. Gen tèlman anpil travay ki pou fèt epi mwen rekonesan pou m genyen li bò kote mwen pandan n ap egzekite vizyon nou pou yon New York ki pi an sekirite, pi an sante ak pi jis".

"Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul dèskè li konfye mwen avèk onè enkwayab pou m sèvi bò kote li kòm Gouvènè Adjwen", **Senatè Benjamin te deklare.** "Gouvènè Hochul se yon kolaboratè ki asire tout moun gen yon plas sou tab la, epi, tankou mwen, ki konsantre anpil sou tande nesosite Nouyòkè yo ak rann lidè lokal yo otònòm. Nou gen yon gwo istwa kolaborasyon ki pral ede nou kòmanse touswit pandan n ap ede gide New York atravè moman difisil sa a nan listwa".

Reveran Al Sharpton, ki se Fondatè ak Prezidan Rezo Aksyon Nasyonal la (National Action Network, NAN), te deklare, "Swa se eksperyans lavi, ras, orijin oswa lòt, New York te konstwi sou yon fondasyon divèsite epi gras ak lidèchip Gouvènè

Hochul, fondasyon sa a te deja tounen yon poto nan administrasyon li avèk chwa Brian Benjamin kòm pwochen Gouvènè Adjwen eta nou an. Depi nan premye travay li pou konstwi lojman abòdab nan Harlem kòm yon lidè kominotè, pase nan defans li kòm yon manm long dat NAN rive nan efò li kòm yon Senatè pou rezoud pwoblèm ki menase sante ak byennèt Nouyòkè yo tankou kriz opyoyid, Senatè Benjamin te fè yon karyè nan atake pwoblèm ki te anpeche twòp fanmi travayè rive leve tèt yo. Se yon chwa fantastik epi mwen pa ka tann pou ede Gouvènè Hochul ak Senatè Benjamin kòmanse nouvo chapit sa a nan istwa New York".

Doktè Hazel N. Dukes, Prezidan AACP New York State Conference, te deklare, "Depi nan travay li pou ede konbat kriz opyoyid la rive nan travay li pou ede Biznis Minorite ak Fanm Posede pwospere, Brian Benjamin te pase karyè li konsantre sou pwoblèm ki afekte Nouyòkè yo chak jou epi mwen eksite anpil pou wè li kontinye travay sa a kòm Gouvènè Adjwen eta nou an. Sèlman nan kèk jou, Gouvènè Hochul te deja mete New York sou yon wout pou siksè epi chwa sa a sèlma ranfòse plis lide sa a. Mwen eksite pou kòmanse travay avèk administrasyon Gouvènè a pou fè New York avanse epi mwen adrese felisitasyon sensè mwen bay Senatè Benjamin".

Senatè Benjamin te fèt nan Harlem de yon manman Karyibeyen ki te vini nan peyi sa a pou chèche nouvo opòtinite. Malgre yo pa te pase nan inivèsite, paran li yo te gen chans ase pou jwenn travay sendika ki peye byen, sa ki te pèmèt yo bay Senatè Benjamin ak frè/sè li yon edikasyon klas mwayèn. Apre gradyasyon nan lekòl segondè nan Vil New York, Senatè Benjamin te chèche edikasyon kalite paran li te reve ba li, li te jwenn diplòm lisans li nan Politik Piblik nan Brown University ak MBA li nan Harvard Business School.

Apre lekòl, Senatè Benjamin te retounen nan Harlem pou konstwi lojman abòdab, kreye plis pase mil inite lojman ki dirab sou plan anviwònmanal, nan pri abòdab nan yon MWBE pandan li t ap ede jèn moun yo devlope konpetans pwofesyonèl ak sekirize bon travay nan konstriksyon atravè pwogram kominotè pou jèn yo.

Nan kominote li, Senatè Benjamin te travay pou prezève karaktè Harlem ak ede kenbe kominote a abòdab. Li te ede yon bann jèn moun an Wadleigh High School nan Harlem, atenn yon avni ki pi bon depi lansman yon pwogram ankadreman an 2013, epi li onore pou sèvi kòm administratè ansyen elèv nan Brown University te eli. Senatè Benjamin se yon manm aktif tou nan First Corinthian Baptist Church (Premye Legliz Batis Korentyen) istorik nan Harlem.

Pandan tan li nan Sena Eta New York, Senatè Benjamin te rive fè presyon pou dekèsman fon pansyon piblik eta a depi nan prizon prive an 2018, epi ane apre a li te entwodui yon pwojè lwa pou entèdi bank ki gen lisans eta a yo envestisman sa yo tou, sa ki te ede fè presyon sou Bank of America pou mete fen nan relasyon li avèk Geo Group ak Core Civic. Pwopozisyon Senatè Benjamin pou kenbe apatman ki gen lwaye kontwole nan pri abòdab te fè pati Lwa 2019 sou Pwoteksyon Lokatè istorik la, pi gwo ekspansyon dwa lokatè sou plizyè deseni. Nan premye manda li, li te sèvi kòm manm premye ran Komite Sena sou Sèvis Sivil ak Pansyon, kote li te chèche defann pansyon

piblik fonksyonè ki travay di tankou paran li pandan li te asire lajan pansyon an te envesti yon fason ki te reflekte valè New York.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)